

## Èske yo ka trete CMV konjenital?

Si tibebe w la gen CMV konjenital, pwofesyonèl swen sante li a ka sijere pou li pran yon medikaman antiviral. Medikaman sa a ka amelyore odisyon ak bon devlopman tibebe w la. Se pa tout tretman ki itilize medikaman. Tibebe ki gen CMV konjenital yo ka jwenn sipò ke yo bezwen an atravè Pwogram Entèkansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP) a. EIP kapab ede yo amelyore komunikasyon yo, langaj yo, ak aptitud sosyal yo.

## Si odisyon tibebe mwen an “nòmal,” èske li ka gen CMV konjenital kanmenm?

Gen kèk tibebe ki gen pèt odisyon ki kapab gen bon rezilta nan tès odisyon pou nouvone yo malgre yo gen CMV konjenital. Li enpòtan pou w siveye tibebe w la lè ou retounen lakay ou apre w fin kite lopital la. Si tibebe w la kòmanse montre siy CMV konjenital tankou pèt odisyon, ou dwe pale ak pwofesyonèl swen sante pitit ou a konsènan enkyetid ou yo. Ou ka itilize “Lis Kontwòl pou yon Bon Odisyon” (Good Hearing Checklist) la tankou yon gid pou pèmèt ou rekonèt siy yon pèt odisyon posib lakay tibebe w la.

## Resous

### Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la

[www.health.ny.gov/diseases/communicable/cytomegalovirus/fact\\_sheet.htm](http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/cytomegalovirus/fact_sheet.htm)

### Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention)

[www.cdc.gov/cmV](http://www.cdc.gov/cmV)

### Pwogram pou Entèkansyon nan Zafè Odisyon ak Deteksyon Bonè nan Eta New York (New York State Early Hearing and Detection Intervention Program)

[www.health.ny.gov/community/infants\\_children/early\\_intervention/newborn\\_hearing\\_screening/](http://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/newborn_hearing_screening/)



CMV konjenital se  
koz prensipal pou pèt  
odisyon ki pa jenetik  
nan peryòd anfans.

Tès  
Sitomegaloviris  
(CMV) Konjenital  
ak Tibebe w la



Department  
of Health



Department  
of Health

# Pou Moun Ki Ansent oswa Ki Ka Tonbe Ansent



## Kisa sitomegalovirus (cytomegalovirus, CMV) konjenital a ye? (li pwononse konsa sy-toe-MEG-a-low-vy-rus, nan lang Angle)

CMV se yon viris ki kapab afekte moun nan tout laj. Li ka lakoz sentòm lejè ki sanble ak grip men dabitid, li pa rann moun nan malad. Lè yon moun ansent enfekte ak CMV, li ka pase l bay tibebe li a k ap devlope. Lè yon tibebe fèt avèk CMV, yo di ke li gen CMV konjenital.

Yon tibebe ki gen CMV konjenital ka devlope pwoblèm sante, tankou pèt odisyon oswa vizyon, reta nan devlopman ak kriz. Yo kapab fèt tou avèk tèt yo ki piti.

Gen kèk tibebe ki gen CMV konjenital ki manifeste siy nan nesans yo ke doktè tibebe w la kapab wè. Gen lòt tibebe ki pa montre okenn siy CMV konjenital lè yo fèt.

Pèt odisyon se siy ki pi komen an pou yon enfeksyon CMV konjenital. Li ka prezan depi nan nesans oswa li ka devlope pita nan lavi.

## Kòman m ap fè konnen si tibebe m nan gen CMV konjenital?

Yo fè tès odisyon pou tout nouvone yo nan Eta New York apre yo fin fèt. Tès odisyon sa a rapid e san doulè e yo ka fè l pandan tibebe w la ap dòmi. Tibebe w la ka oblije fè tès odisyon ankò anvan oswa apre ou kite lopital la. Nan ka sa a, pwofesyonèl swen sante tibebe w la dwe teste tibebe w la pou CMV konjenital. Yo ka fè tès sa a ak saliv oswa pipi tibebe w la. Rezilta tès la ka montre si tibebe w la gen yon enfeksyon CMV konjenital ki ka lakoz pwoblèm sante.

## Lis Kontwòl pou yon Bon Odisyon

### Depi Nesans jiska 3 Mwa

- Li vin silansye lè kote l ye a gen vwa ak son toulèjou yo
- Li reyaji fas ak son ki fò yo: tibebe a sote, li batje l, li sispann tete oswa li reveye
- Li emèt son ki fèb lè li reveye, tibebe a gazouye

### 3 a 6 Mwa

- Li vire zye l oswa tèt li nan direksyon son, vwa, jwèt ki fè bwi yo, yon chyen k ap jape
- Li kòmanse emèt son ki sanble ak lapawòl: “ga,” “ooh,” “ba,” ak son p, b, m
- Li reyaji fas ak yon chanjman nan ton vwa w

### 6 a 9 Mwa

- Li reyaji lè gen son fèb yo, espesyalman pale
- Li reponn lè yo site non li
- Li konprann mo senp yo: “non,” “ba-bay,” “ji”
- Li babye: “da da da,” “ma ma ma,”

### 9 a 12 Mwa

- Li reyaji lè gen son ki ni fèb ni fò
- Li repete mo ak son senp yo
- Li lonje dwèt sou jwèt oswa manje prefere li yo lè l yo mande l

### 12 a 18 Mwa

- Li itilize 10 oswa plis mo
- Li suiv enstriksyon senp ke w di: “pran balon an”
- Li lonje dwèt sou moun, pati nan kò oswa jwèt

### 18 a 24 Mwa

- Li itilize 20 oswa plis mo
- Li konbine de oswa plizyè mo: “plis ji,” “kisa sa a ye?”
- Li itilize plizyè son konsòn diferan nan kòmansman mo yo: b, g, m
- Li koute istwa ak chante ki senp

### 2 jiska 3 Lane

- Li itilize fraz ki gen de oswa twa mo
- Nan laj 2 lane, pawòl timoun nan konpreyansib dèfw (25%-50%)
- Nan laj 3 lane, pawòl timoun nan konpreyansib nan majorite fwa yo (50%-75%)
- Li suiv enstriksyon ki gen de etap yo: “pran balon an epi mete l nan bwat la”

Sa se yon adaptasyon lis kontwòl Depatman Sèvis Sante California (California Department of Health Services).

Si w gen enkyetid konsènan devlopman tibebe w la, pale ak pwofesyonèl swen sante li a.